

BAB III

METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan Jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Tina sakur panalungtikan perlu netepkeun méthode, lantaran hiji méthode panalungtikan bakal nangtukeun alus henteuna hiji panalungtikan dilakasanakeun. Méthode panalungtikan mangrupa hiji cara atawa prosedur nu digunakeun pikeun ngalakukeun panalungtikan.

Méthode panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode ieu ngadéskripsikeun sacara sistematis ngeunaan basa Sunda wewengkon di Kacamatan Sidamulih Kabupatén Ciamis. Travers (1978) nu dicutat ku Husen Umar (1999:81) nétélakeun yén méthode deskriptif miboga tujuan pikeun ngagambarkeun hiji sifat tina hal nu keur lumangsung dina waktu panalungtikan dilakasanakeun jeung mariksa sabab-sabab tini hiji kajadian.

Méthode déskriptif téh ngabogaan ciri-ciri: (1) museur panitén pikeun ngaréngsékeun masalah nu aya patalina dina mangsa kiwari sarta dina masalah anu

aktual, (2) data nu geus dikumpulkeun satuluyna di susun, di jéntrékeun sarta dianalisis.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka, obsérvasi, jeung wawancara.

1. Studi pustaka

Studi pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis anu aya patalina jeung subjék panalungtikan anu keur ditalungtik

2. Observasi

Obsérvasi dilaksanakeun ku cara nempo jeung ngalakukeun pangamatan sacara langsung kana objék nu rék ditalungtik sangkan boga gambaran anu nyata ngeunaan kaayaan daérah anu rék ditalungtik, sarta nuliskeun hal-hal anu sakirana penting pikeun kaperluan analisis. Dina hal ieu, obsérvasi nu dilakukeun ku panulis nya éta ku cara nempo langsung kahirupan masarakat di Kacamatan Sidamulih Kabupatén Ciamis.

3. Wawancara

Wawancara mangrupa téhnik komunikasi langsung pikeun meunangkeun data anu dibutuhkeun. Dina panalungtikan ieu data anu dilakukeun nya éta wawancara berstruktur. Dimana panulis ngajukeun daptar patalékan anu aya hubunganana jeung panalungtikan dumasar kana pedoman wawancara nu geus dijieun.

3.2 Instrumén Panalungtikan

Arikunto (1996:150) nétélakeun yén instrument panalungtikan téh nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang diolah. Instrument dina ieu panalungtikan nya éta



a. Angkét

Conto angkét saperti di handap ieu:

KUESIONER INFORMAN

Kampung:.....Desa:.....

Kacamatan: Sidamulih Kabupaten: Ciamis

1. Ngaran:.....jenis kelamin: L/P
 2. Umur.....taun.Tempat lahir.....
(di jero/luar kampung/desa/kacamatan/kabupaten)
 3. Atikan:.....
 4. Matuh di desa ti mimiti:.....
 5. Kungsi/teu kungsi cicing di luar desa/kacamatan/kabupaten
di.....timimiti.....
Nepi ka.....balik ka desa ti mimiti.....
 6. Kawin/teu kawin
 7. Basa nu dipaké di imah:
 - a. Basa.....
 - b. Basa.....
 8. Basa dimasyarakat:.....
 9. Basa di tempat pagawéan:.....
 10. Basa lain nu digunakeun:.....
- Dina kasempetan.....

Wawancara tanggal2009

di.....jam.....

Nu ngawawancara.....

b. Pedoman Wawancara

Conto pedoman wawancara:

Tabel 3.1

CONTO PEDOMAN WAWANCARA

PEDOMAN WAWANCARA

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
1.	buyut			
2.	dahuan			
3.	dulur misan			
4.	emang			
5.	incu			
6.	indung			
7.	lanceuk awéwé (tétéh)			
8.	lanceuk lalaki (akang)			
9.	minantu			
10.	mitoha			
11.	nini			
12.	pamajikan			
13.	salaki			
14.	ua			
15.	uyut			
A. KECAP GAGANTI JEUNG SESEBUTAN				
16.	awewe			
17.	gaganti jalma katilu			
18.	gaganti ngaran jalma kadua			
19.	gaganti ngaran jalma kahiji			
20.	jalma			
21.	kabogoh			
22.	lalaki			
23.	manéh			
24.	ngaran			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
25.	sesebutan ka awéwé kolat			
26.	sesebutan ka budak awéwé			
27.	sesebutan keur budak lalaki			
28.	sesebutan keur lalaki anu déwasa			
B. KECAP KAHIRUPAN DÉSA JEUNG MASARAKAT				
29.	amil/lebé/penghulu			
30.	arisan			
31.	hajat			
32.	juru tulis			
33.	kabayan			
34.	kamasan			
35.	kepala désa			
36.	kepala kampung			
37.	marebot			
38.	nu nungguan balé désa			
39.	paléndang			
40.	pamong désa			
41.	polisi désa			
42.	rayat biasa			
43.	ronda			
44.	sawah/tanah invéstasi lurah			
45.	tua kampung			
46.	ulu-ulu			
C. KECAP BAGIAN AWAK				
47.	getih			
48.	jantung			
49.	polo			
50.	panon			
51.	ceuli			
52.	suku			
53.	leungeun			
54.	ciduh			
55.	sungut/baham			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
D. KECAP IMAH JEUNG BAGIANANA				
56.	balé/ambén			
57.	bangbarung			
58.	buruan			
59.	cempéd			
60.	dak			
61.	dapur			
62.	galar			
63.	golodog			
64.	gudang			
65.	hateup			
66.	jojodog			
67.	kandang embé			
68.	kandang hayam			
69.	kandang japati			
70.	kandang kuda			
71.	kandang sapi			
72.	kaso-kaso			
73.	lalangit			
74.	lampit			
75.	leuit			
76.	lincar			
77.	nilik			
78.	hawu			
79.	pakarangan			
80.	pangkéng			
81.	panyawéran			
82.	para			
83.	parako			
84.	paraseuneu			
85.	sorondoy			
86.	sosompang			
87.	sunduk			
88.	tangga			
89.	tarang hawu			
90.	tepas			
91.	usuk			
E. KECAP PAKAKAS				
92.	arit			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
93.	ayakan			
94.	baki kuningan			
95.	baliung			
96.	bangku			
97.	bantal			
98.	bedog			
99.	boboko leutik			
100.	botol			
101.	bubu			
102.	gagang bedog			
103.	buleng			
104.	céntong			
105.	céot			
106.	cukil			
107.	sarangka			
108.	dongdang			
109.	dudukuy toroktok			
110.	dulang			
111.	gagang sirib			
112.	gantungan			
113.	garu			
114.	gayung			
115.	gelas			
116.	gentong			
117.	giribig			
118.	gobang			
119.	heurap			
120.	kacapi			
121.	kampak			
122.	karamba hayam			
123.	karamba lauk			
124.	karanjang			
125.	katél gedé			
126.	kelom			
127.	kendang			
128.	kihkir			
129.	kisa			
130.	kondali			
131.	korang			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
132.	koréd			
133.	kujang			
134.	lalandak			
135.	lambit			
136.	leteran béas			
137.	minyak tanah			
138.	mutu			
139.	nyiru			
140.	nyiru leutik			
141.	paabdasan			
142.	pabéasan			
143.	paranggong			
144.	gebog carang			
145.	parukuyan			
146.	patik			
147.	pendil			
148.	pésó rajang			
149.	pipiti			
150.	poci			
151.	pontrang			
152.	posong			
153.	ragaji			
154.	rancatan			
155.	ranjang			
156.	said			
157.	salang			
158.	salon			
159.	sééng			
160.	seuweu			
161.	siduk			
162.	sipatan			
163.	sirib			
164.	tali/tambang			
165.	tampir			
166.	taraje			
167.	tarumpah			
168.	téko			
169.	téténong			
170.	tolombong			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
171.	gagang bedog			
172.	waluku			
F. KECAP KADAHARAN JEUNG INUMAN				
173.	angeun			
174.	angling			
175.	apem			
176.	awug			
177.	bajigur			
178.	bandrék			
179.	bubur lemu			
180.	bugis			
181.	céndol			
182.	cingcau			
183.	colénak			
184.	combro			
185.	cuhcur			
186.	dodol			
187.	dorokdok			
188.	gajih			
189.	galéndo			
190.	gegeplak			
191.	gegetuk			
192.	gigih			
193.	gulé			
194.	katimus			
195.	kelepon			
196.	kerak			
197.	kéré			
198.	kinca			
199.	ladu			
200.	lahang			
201.	lelemper			
202.	leupet			
203.	liwet			
204.	loték			
205.	marus			
206.	misro			
207.	nagasari			
208.	odading			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
209.	opak			
210.	papais			
211.	pecel			
212.	peuyem			
213.	putu			
214.	ranginang			
215.	rémpéyék			
216.	rujak			
217.	sakoteng			
218.	sangu			
219.	sarikaya			
220.	sirop/goyobod			
221.	supa			
222.	surabi			
223.	surundéng			
224.	téngtén			
225.	tuak			
226.	tumis sésa			
227.	ulén			
228.	wajit			
G. KECAP PANYAKIT				
229.	baréd			
230.	barusuh			
231.	batuk			
232.	bélék			
233.	borok			
234.	borok nepi ka molongo			
235.	budug			
236.	burut			
237.	busung			
238.	cécéngkéleun			
239.	conge			
240.	eueuriheun			
241.	gondok			
242.	gondongeun			
243.	incok			
244.	jeungjeuriheun			
245.	kalikiben			
246.	kalingsir			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
247.	kram			
248.	limpeuran			
249.	mengi			
250.	mules			
251.	muriang			
252.	salésér			
253.	salésma			
254.	sésékéleun			
255.	titingkuheun			
256.	torék			
H. KECAP PAGAWEAN				
257.	bangsat			
258.	bégal			
259.	béngkong			
260.	bodor			
261.	dalang			
262.	dibuat			
263.	dukun			
264.	gacong			
265.	kusir			
266.	nayaga			
267.	nyacar galeng			
268.	palika			
269.	panday			
270.	paninggaran			
271.	paraji			
272.	ronggég			
273.	sindén			
I. KECAP PAKEAN				
274.	calana			
J. KECAP KAULINAN				
275.	galah			
K. KECAP TUTUWUHAN JEUNG BUNGBUAHAN				
276.	asem			
277.	balingbing			
278.	balingo			
279.	baluntas			
280.	bangkuang			
281.	bawang beureum			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
282.	béncoy			
283.	binih/bibit			
284.	bintinu			
285.	boléd			
286.	bonténg			
287.	buah			
288.	cabé areuy			
289.	calingcing			
290.	caringin			
291.	cau kulutuk			
292.	céngkéh			
293.	cerémé			
294.	comrang			
295.	dalima			
296.	dukuh			
297.	émés			
298.	gadung			
299.	galigo/kundur			
300.	ganas/gandrung			
301.	ganyol			
302.	gebog			
303.	gedang			
304.	génjér			
305.	cau			
306.	hiris			
307.	jambu kulutuk			
308.	jambu médé			
309.	jayanti			
310.	jeungjing			
311.	kacang bogor			
312.	kacang hejo			
313.	kacang kadelé			
314.	kadongdong			
315.	kadu			
316.	kangkung			
317.	kentang			
318.	kesemek			
319.	kihujan			
320.	kokosan			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
321.	mandalika			
322.	ménténg			
323.	paria			
324.	peundeuy			
325.	peuteuy			
326.	peutey sélong			
327.	pisitan			
328.	rambutan			
329.	roay			
330.	sabrang			
331.	salad			
332.	saliara			
333.	sampeu			
334.	saninten			
335.	sarikaya			
336.	sirsak			
337.	suuk			
338.	takokak			
339.	tangkil			
340.	térong			
341.	tisuk			
342.	tiwu			
343.	turubus			
344.	walih			
345.	walikukun			
M. KECAP SASATOAN				
346.	anjing			
347.	babi			
348.	bangkong			
349.	bayawak			
350.	belut gedé			
351.	betok			
352.	bogo			
353.	boncél			
354.	burayak/impun			
355.	cacing			
356.	cangkurileung			
357.	careuh			
358.	danten			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
359.	buaya			
360.	deleg			
361.	domba			
362.	embé			
363.	ganggarangan			
364.	hurang			
365.	impun			
366.	jago			
367.	jajangkar			
368.	japati			
369.	kelénci			
370.	keting			
371.	keyeup			
372.	kidang			
373.	kuar			
374.	kuda			
375.	kumupu			
376.	kutu			
377.	landak			
378.	lauk			
379.	lauk emas			
380.	lelé			
381.	lutung			
382.	manuk			
383.	maung			
384.	meri			
385.	monyet			
386.	munding			
387.	nyiruan			
388.	oa			
389.	oray			
390.	peking			
391.	peucang			
392.	peusing			
393.	raja monyet			
394.	rajungan			
395.	sapi			
396.	sato			
397.	séro			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
398.	sigung			
399.	siriling			
400.	soang			
401.	tai hayam			
402.	tambakan			
403.	tikukur			
404.	tuma			
405.	ucing			
406.	uncal			
N. KECAP KAAYAAN ALAM JEUNG USUM				
407.	bagbagan			
408.	balong bedah ku caah			
409.	batu			
410.	béntang			
411.	bulan			
412.	dayeuh			
413.	guludug			
414.	hilir			
415.	jumaah/sukra			
416.	kotakan leutik/bébécék			
417.	landeuh/lebak			
418.	leuwi			
419.	méga			
420.	muara			
421.	rata			
422.	rempag			
423.	salasa			
424.	samagaha			
425.	sawah			
426.	sawah guludug			
427.	sisi leuweng			
428.	panonpoé			
429.	susukan			
430.	tampian/jamban			
431.	walungan			
432.	iuh			
433.	panas			
434.	jam 12 beurang			
435.	jalan			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
436.	solokan			
O. KECAP BUDI PARANGI				
437.	ancin			
438.	barangsan			
439.	béak			
440.	bedegong			
441.	belikan			
442.	beukah			
443.	borangan			
444.	calakan			
445.	culika			
446.	daékan			
447.	élodan			
448.	épés méér/jejerih			
449.	éran			
450.	getol			
451.	goréng lanpah			
452.	hadé/alus/lucu			
453.	hambur/olok/boros			
454.	harak/galak			
455.	hideung			
456.	jail			
457.	jéger			
458.	julig/hianat/jail			
459.	kalékéd/hararésé			
460.	kecing			
461.	kedul/mumul			
462.	keleuheu			
463.	kicem			
464.	kuuleun			
465.	lengkap			
466.	lengket			
467.	ligar			
468.	mahi			
469.	melag			
470.	mintul			
471.	noroyo			
472.	nyanyahoanan			
473.	ogo			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
474.	puas			
475.	rampak			
476.	rapekan			
477.	rayungan			
478.	récéd			
479.	sabar			
480.	samah-céméh			
481.	sésélékét			
482.	singer			
483.	sombong			
484.	soméah			
485.	sonagar/wantér			
486.	susah			
487.	tangginas			
488.	wanian			
P. KECAP PAGAWEAN				
489.	dahar			
490.	diaduk			
491.	dieusian/dicician			
492.	dipureleg			
493.	disiksik			
494.	disingkirkeun			
495.	diteuteup/ditatap			
496.	ditiir/disurilam			
497.	istirahat/eureun/reureuh			
498.	kabéntar gelap			
499.	kabita			
500.	kagoda			
501.	kagugu/hayang seuri			
502.	kalapa dikerok			
503.	katincak/kaleyek			
504.	maké			
505.	mawa			
506.	murak			
507.	muter			
508.	néké			
509.	ngabeweng/ ngabaheum			
510.	ngadéngé			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
511.	ngagukguk			
512.	ngais			
513.	ngajaran			
514.	ngélék			
515.	ngéréd			
516.	ngerek			
517.	nginum tina lodong/botol			
518.	ngodang			
519.	ngojay			
520.	ngoprek			
521.	ngusap beunget			
522.	nyurung			
523.	titajong			
Q. KECAP PANANYA, PANYAMBUNG, PANAMBAH, PANGANTEB JEUNG KATERANGAN WAKTU				
524.	aré			
525.	asal			
526.	ayeuna			
527.	buru-buru			
528.	dimana			
529.	engké			
530.	heug bae			
531.	hos			
532.	iraha			
533.	isukan			
534.	kabina-bina			
535.	kacida pisan			
536.	kacumponan			
537.	kamari			
538.	kapalang/kagok			
539.	kasawang			
540.	ku sorangan /ku manéh			
541.	kungsi			
542.	lamun			
543.	les			
544.	manga/rampés			
545.	mending			
546.	Naon			

No.	Kecap Lulugu	Kecap Lulugu Dipikawanoh	Kecap Lulugu Dipaké	Kecap Séjén Nu Dipaké
547.	nepi ka			
548.	ngan/tapi/ning			
549.	pagéto			
550.	pak			
551.	pangrojong			
552.	sababaraha			
553.	samangsa-mangsa			
554.	sisinarieun			

3.3 Populasi Jeung Sampel

3.3.1 Populasi

Dina ngumpulkeun jeung nganalisis hiji data, léngkah nu paling penting nya éta nangtukeun populasi leuwih ti heula. Numutkeun Suyatna (1994:14)

Populasi nya éta sakabéh objék anu ngagunakeun bahan dina hiji kagiatan panalungtikan, boh mangrupa barang, manusa, kajadian, atawa gejala-gejala nu bakal kajadian, paling saeutik kudu mibanda sifat-sifat nu sarua. Ku lantaran éta, populasi mangrupa sakabéh sumber data nu jadi objék panalungtikan.

Lengkah awal saurang panalungtik kudu nagtukeun sacara jelas ngeunaan populasi nu jadi sasaran panalungtikan nu disebut populasi saran (*target population*), nya éta populasi nu engkéna bakal jadi kacindekan panalungtikan. Jadi tina hasil hiji panalungtikan dikaluarkeun kacindekan, mangka numutkeun étika panalungtikan, kacindekan éta ngan saukur lumaku pikeun sasaran nu geus ditangtukeun.

Anggota populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kekecapan wewengkon nu aya di Kacamatan Sidamulih Kabupaten Ciamis.

3.3.2 Sampel

Sampel mangrupa bagian tina populasi sarta dianggap bisa ngawakilan populasi. Dina kanyataanana hésé pisan pikeun manggihan sampel nu mangrupa réplika tina populasi (Suyatna, 1994:14)

Ieu panalungtikan téh make sampel wilayah, nya éta ku cara milih sampel dianggap bisa ngawakilan anggota populasi dumasar kana ciri-ciri jeung sifat-sifat nu dianggap mibanda hubungan jeung ciri-ciri atawa sifat-sifat populasi nu geus dipikanyaho saméméhna. Ku lantaran anggota populasi kacida lobana jeung hétérogén. Spesipikasina nya éta kalér, kidul, wétan, jeung kulon.

3.4 Léngkah-léngkah Garapan.

Dina ieu panalungtikan léngkah-léngkah nu bakal digarap nya éta ngawengku (1) tahap tatahar, (2) tahap ngumpulkeun data, (3) tahap nganalisis data, (4) tahap nyusun laporan.

3.4.1 Tahap Tatahar

Kagiaan nu dilakukeun dina tahap tatahar ngawengku:

- 1) néangan katerangan ngeunaan masalah anu rék ditalungtik (studi pustaka);
- 2) nangtukeun masalah, judul jeung rangkay panalungtikan;
- 3) nyieun proposal panalungtikan;
- 4) ngaréngsékeun surat izin panalungtikan; jeung
- 5) konsultasi ka Dosen pangaping.

3.4.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Anu di kumpulkeun dina tahap ngumpulkeun data ngawengku:

- 1) ngumpulkeun data panalungtikan;
- 2) ngalaksanakeun observasi;
- 3) ngayakeun wawancara;
- 4) ngainvéntarisir data anu asup; jeung
- 5) konsultasi ka Dosen pangaping.

3.4.3 Tahap Nganalisis Data

Anu dilaksanakeun dina nganalisis data ngawengku:

- 1) obsérvasi lapangan;
- 2) ngumpulkeun data panalungtikan;
- 3) ngayakeun wawancara;
- 4) ngainvéntarisir data nu asup;
- 5) nyieun peta dialék géografis Kacamatan Sidamulih Kabupaten Ciamis; jeung
- 6) nyieun kacindeklan tina hasil analisis.

3.4.4 Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan baris disusun dumasar kana aturan-aturan ilmiah winangun skripsi, nu dimimitian ti BAB I nepi ka BAB V. Dina BAB I ngawengku bubuka, kasangtukang, watesan jueng rumusan masalah, tujuan jeung manfaat panalungtikan, anggapan dasar, sarta wangenan oprasional. Dina BAB II ngawengku ngeunaan tiori-tiori anu aya hubungana jeung basa wewengkon. BAB III

ngajéntrékeun métode panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan. BAB IV déskripsi, analisis jeung pedaran hasil panalungtikan. Sedengkeun BAB V mangrupa kacindekan jeung saran.

